

PWOTEKSYON KONSOMATÈ

KONSÈY POU JENN ADILT

KONSÈY RAPID

SOU KAT KREDI

Lè ou sèvi ak kredi, ou ap prete lajan epi ou pwomèt ou pral reapey lajan an pi ta. **Kredi se pa gratis.** Li pèmèt ou achte bagay lè ou pa gen lajan kach, men yo pral faktire ou enterè ak chaj.

Lè ou itilize yon kat kredi yon fason ki responsab, sa ede ou etabli yon bon istwa kredi. Istwa kredi ou make nan rapò sou kredi ou (ki reflekte kot kredi ou a). Yon bon kot kredi pral ede ou jwenn prè lajan pi fasil epi sa ka menm ede ou jwenn pibon to denterè.

Itilize yon kat kredi yon fason ki pa bon gendwa debouche sou pwoblèm ak dèt ki gendwa afekte negativman rapò sou kredi ak kot kredi ou.

Anvan ou Sèvi ak Kat Kredi...

Asire ou etabli yon bidjè epi ekonomize.

Chèche konnen konbyen lajan ou touche chak mwa, ki bòdwo ou dwe peye epi ekonomize rès lajan ki rete a. Si ou swiv epi ou jere depans ou yo, ou gendwa kapab peye pou bagay kach olye pou ou sèvi ak kat kredi a. Men si ou sèvi ak kat kredi a, ou ap tou pare lè ou resevwa balans ou.

Konsèy Rapid pou Chwazi epi Sèvi ak Kat Kredi Kòrèkteman

- **Gade tout lòt òf yo.** Gen anpil divès kat kredi ak divès òf, to denterè ak benefis. Chèche to denterè ki pi ba yo sou acha epi okenn chaj chak ane. Konpare opsyon ou yo epi chwazi kat la ki koresponn pibyen ak bezwen ou yo.

- **Li pasaj yo ki ekri ak lèt tou pitit.** Li epi konprann tout pwovizyon ak kondisyon ki aplikab pou kat la anvan ou enskri tèt ou.
- **Depanse sèlman sa ou kapab reapey.** Kat kredi ou gen yon limit, men sa pa vle di ou ta dwe rive nan limit la. Ou ap dwe sa ou te depanse apre kèk semèn ou fin achte atik yo, kifè konnen bidjè ou epi toujou peye kat la san reta. Si ou pa peye san reta, yo pral faktire ou chaj pou reta ak chaj pou enterè epi sa pral domaje kredi ou a.
- **Tcheke balans ou chak mwa epi peye tout balans lan nèt.** Chak mwa, konpayi kat kredi a pral otorize ou pou fè yon peman minimòm ki mwens pase montan total ou dwe a. Sa gendwa sanble yon bagay ki fasil pou fè, men yo pral faktire ou enterè ki pral vin ajoute sou montan total ou dwe deja a.
- **Se pou ou konnen kilè pou mete kat la de kote.** Si ou pa kapab peye balans la nèt, sispann sèvi ak kat la epi kontinye fè peman jiskaske ou reyisi peye tout balans lan nèt. Toujou peye plis pase peman minimòm lan si ou kapab.
- **Limite kantite kat kredi ki nan pòtfèy ou.** Pou evite konfizyon epi pou evite yo vòlè idantite ou, kenbe pi piti kantite kat kredi ki posib. Pou pifò moun, yon kat kredi sifi.
- **Mete non ou sou lis moun ki pa vle resevwa òf kat kredi.** Enskri adrè ou nan optoutprescreen.com oswa rele nimewo gratis 1-888-567-8688.

FÈ ATANSYON...

Pwomosyon Kat Kredi

Kat kredi, debi ak kat prepeye yo konn demache sou kanpis lekòl gendwa gen danje ladann. Si ou bezwen enfòmasyon, al gade sit wèb Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè (Consumer Financial Protection Bureau – CFPB) nan consumerfinance.gov.

Anpil konpayi kat kredi ofri yon lis eksepsyon oswa to entwodikatif ki atiran ki pa valab ankò apre kèk mwa.

Avans lajan kach

Ou pral peye to denterè ki pi elve pou avans kach sou kat kredi a pase to ki koresponn pou acha ou fè vreman.

ASISTANS GRATIS

Chèche jwenn konsèy pwofesyonèl finansye gratis nan Sant Otonomizasyon Finansye Vil Nouyòk (NYC Financial Empowerment Center). Konseye yo gendwa ede ou kreye yon bidjè, redwi dèt ou, negosye ak kredite nou yo, konprann rapò kredi ou an, amelyore kot kredi ou, ak lòt bagay toujou. Rele 311 pou pwograme yon randevou ki pa twò lwen ou oswa al gade nan nyc.gov/consumers pou jwenn plis enfòmasyon.

Chèche jwenn yon kopi gratis de rapò sou kredi ou epi analize li byen.

Al gade nan annualcreditreport.com oswa rele gratis nan 1-877-322-8228.

LÒT RESOUS

Lwa 2009 sou Redevabilite, Responsabilite ak Divilgasyon (The Credit Card Accountability Responsibility and Disclosure Act – CARD Act) mande pou konpayi kat kredi yo prezante pwopriyete kat kredi yo fòm ak balans ki klè epi yo kapab konprann fasilman; li etabli règ konsènan ogmantasyon to yo; epi li etabli pwoteksyon espesyal pou etidyan ak jenn moun.

Adwat, ou ap jwenn yon egzanp sèten enfòmasyon konpayi kat kredi dwe make sou dokiman ki endike balans lan pou ou konprann konsekans ki pral enpakte ou si ou peye an reta oubyen si ou peye peman minimòm ou dwe a.

- Gade egzanp dokiman balans kat kredi la a: <http://www.creditcards.com/credit-card-news/monthly-credit-card-statement-1282.php>
- Gade fèy espplikasyon sou Lwa CARD CFPB an la a: <http://www.consumerfinance.gov/credit-cards/credit-card-act/feb2011-factsheet/>

G-18(D) Periodic Statement New Balance, Due Date, Late Payment and Minimum Payment Sample (Credit Cards)

Payment Information

New Balance	\$1,784.53
Minimum Payment Due	\$53.00
Payment Due Date	4/20/12

Late Payment Warning: If we do not receive your minimum payment by the date listed above, you may have to pay a \$35 late fee and your APRs may be increased up to the Penalty APR of 28.99%.

Minimum Payment Warning: If you make only the minimum payment each period, you will pay more in interest and it will take you longer to pay off your balance. For example:

If you make no additional charges using this card and each month you pay...	You will pay off the balance shown on this statement in about...	And you will end up paying an estimated total of...
Only the minimum payment	10 years	\$3,284
\$62	3 years	\$2,232 (Savings=\$1,052)

If you would like information about credit counseling services, call 1-800-xxx-xxxx.

Sous: Konsèy Rezèv Federal (Federal Reserve Board)

Li fèy DCA a ki gen konsèy ki rele ESKWOKRI REPARASYON KREDI KI RIVE SOUVAN (“COMMON CREDIT REPAIR SCAMS”).

Osijè Konsèy Rapid sou Pwoteksyon Konsomatè pou Jenn Adilt

Jenn adilt konfwonte ak difikilte toulejou antanke konsomatè. Depatman Zafè Konsomatè (DCA) te kreye yon seri fèy ak konsèy ou edike tout jenn moun osijè dwa yo genyen ak fason desizyon yo pran sou fason pou depanse lajan yo gendwa enpakte lavni yo.



Bill de Blasio
Mayor

Consumer
Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Department of
Education

Carmen Fariña
Chancellor